sangu bisub àjjuma war na képp ku toll ci gént,ak mu soccu, ak mu laal gëtt bu ko amee

Jële nañu ci Amr ibn Sulaym Al-Ansaarii mu wax ne: maa ngi seedeel Abii Sahiid ne wax na ne: maa ngi seedeel Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne wax na ne: "sangu bisub àjjuma war na képp ku toll ci gént,ak mu soccu, ak mu laal gëtt bu ko amee".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-day leeral ne sangu bisub àjjuma lu feddaliku la mel ni lu war ci gépp góor gu nekk muskallaf ci jullit ñi ci ku àjjuma war ci ñoom, Ak mu setal ay bëñam ci socc ak lu ko niru. Ak mu laal gëtt ci xet gu neex gu mu man a doon te teey.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/10036